

# Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay

## Anons sou Dwa Anplwye

Depi dat 1ye jiyè 2015, anplwye nan Massachusetts yo ap gen dwa pran konje maladi ki soti nan tan travay yo.

### Kilès ki Kalifye?

**Tout anplwye** nan Massachusetts yo kapab pran konje maladi ki soti nan tan travay yo.

Sa vle di anplwye tan konplè, tan pasyèl, tanporè, ak sezonnye.

### Kouman pou ou rive genyen tan sa a?

- Anplwye yo gen dwa pran 1 èdtan konje maladi ki soti nan tan travay yo, pou chak 30 èdtan yo travay.
- Anplwye yo ka vin genyen, epi yo ka pran jiska **40 èdtan chak ane**, si yo travay ase lontan pou sa.
- Anplwye ki gen konje maladi ki soti nan tan travay yo, men ki pa pran tan konje maladi a lè fen lane a rive, kapab **transfere jiska 40 èdtan**.
- Anplwye yo kòmanse genyen konje maladi ki soti nan tan travay yo depi premye jou yo travay la, epi yo ka kòmanse sèvi avèk tan konje maladi sa a 90 jou apre dat yo kòmanse travay la.

### Èske yo pral touche pou li?

- Si yon konpayi genyen 11 anplwye oubyen plis, konpayi a dwe peye anplwye yo pou tan konje maladi yo pran an.
- Si yon konpayi genyen 10 anplwye oubyen mwens, konpayi a kapab pa peye yon anplwye pou tan konje maladi li pran.
- Tan yo peye yon anplwye pou konje maladi li pran an dwe peye menm lè, ak nan menm tarif, avèk salè nòmal li.

### Kilè anplwye a ka sèvi ak tan sa a?

- Yon anplwye ka sèvi ak tan konje maladi a si anplwye a, oswa moun li marye a, oswa paran anplwye a, oswa paran moun li marye a malad, oubyen pou yo ale nan yon randevou medikal, oubyen si yo genyen pou rezoud konsekans vyolans anndan kay.
- Pi piti kantite tan yon anplwye kapab pran pou konje maladi, se 1 èdtan.
- Tan pou konje maladi a pa kapab sèvi tankou yon eskiz pou moun rive anreta nan travay, san yon avètisman davans pou di rezon an.
- Anplwye pa ka sèvi avèk tan pou konje maladi pou lòt rezon, kidonk yon aksyon konsa kapab lakòz sanksyon disiplinè kont yon anplwye.

### Èske yon konpayi kapab sèvi avèk yon lòt prensip?

Wi. Yon konpayi kapab genyen pwòp règleman li pou konje maladi, oswa pou peye anplwye pou tan yo pa vin travay, depi anplwye yo kapab pran menm kantite tan, pou menm rezon, epi avèk menm pwoteksyon nan travay, ki nan Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la.

### Vanjans

- Si yon anplwye sèvi avèk tan konje maladi li, yo pa kapab revoke li, ni yo pa kapab fè vanjans kont li paske li sèvi oubyen li eseye sèvi avèk dwa li genyen dapre lalwa.
- Men kèk egzanp vanjans kont anplwye: defann anplwye a sèvi avèk konje maladi li, oubyen pran reta pou peye li pou konje maladi ki soti nan tan travay li, revoke li, retire sou èdtan travay li, oswa bay anplwye a fè travay li pa renmen.

### Notifikasyon ak Verifikasyon

- Yon anplwye dwe bay kote li travay la yon **notifikasyon** anvan li pran tan konje maladi, sòf si li gen yon ka ijans.
- Konpayi yo kapab mande anplwye yo sèvi avèk yon **sistèm notifikasyon rezonnab**, dapre sistèm konpayi yo tabli.
- Si yon anplwye pa vin travay pandan 3 jou youn apre lòt, **OUBYEN** si anplwye a ap pran yon konje maladi nan mwens pase 2 semenn anvan li kite yon travay, konpayi a kapab mande anplwye a pote yon dokiman yon pwofesyonnel sante ba li pou sa.

### ÈSKE OU GENYEN KESYON?

Rele Fair Labor Division [Depatman pou Jistis nan Travay]  
nan nimewo 617-727-3465

- Gade nan adrès Entènèt [www.mass.gov/ago/earnedsicktime](http://www.mass.gov/ago/earnedsicktime)



Commonwealth of Massachusetts  
Office of the Attorney General  
Haitian Creole - July 2016

Ministè Lajistis fè respekte Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la, ansanm ak règleman yo.

Se yon aksyon ilegal, si yon moun pa respekte dispozisyon ki nan Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la. Si yon moun komèt yon vyolasyon kont nenpòt dispozisyon Lwa sou Konje Maladi ki Soti nan Tan Travay la, ki nan M.G.L. c. 149, § 148C, oswa kont règleman ki nan 940 CMR 33.00, moun lan ap sibi konsekans ki ekri nan paragaf (1), (2), (4), (6) ak (7) nan alineya (b) ki nan M.G.L. c. 149, § 27C(b) ak nan § 150.

Rezon anons sa a, se pou bay enfòmasyon.

Pou wè tout dokiman ki ekri sou lwa ak sou règleman yo, gade nan adrès [www.mass.gov/ago/earnedsicktime](http://www.mass.gov/ago/earnedsicktime).